

Règleman Kont Fèt Ble (Anti-Hazing)
MATCH HIGH SCHOOL
MATCH MIDDLE SCHOOL

Lalwa egzije Match Charter Public School (“Match”) pou l kominike Lwa Kont Bizutaj Massachusetts la bay chak elèv nan Match High School (“MHS”) ak Match Middle School (“MMS”). Elèv nan MHS ak MMS ki òganize, dirije, patisipe, oswa angaje yo nan bizutaj, oswa ki pa rapòte bizutaj yo sibi konsekans disiplinè ki tabli la a. Yon kopi Lwa Kont Bizutaj Massachusetts la tache kòm Dokiman Atachman A.

Bizutaj se nenpòt konduit oswa metòd inisyasyon nan nenpòt òganizasyon elèv sou pwopriyete piblik oswa prive, ki volontèman oswa san reflechi mete sante fizik oswa mantal nenpòt elèv oswa lòt moun an danje. Bizutaj ka fèt sou oswa deyò kanpis la epi li ilegal menm si pa gen okenn blesi fizik ki lakòz.

Egzanp fèt ble a gen ladan l, men li pa limite a sa sèlman, fwete, bat, make, egzèsis fòse, rete anba solèy oswa nan fredri, fè fòse manje nenpòt manje oswa bwè alkòl, bwason, pran dwòg oswa lòt sibstans, oubyen nenpòt lòt tretman brital oswa reyalize aktivite fizik fòse ki kapab afekte gravman sante fizik oswa sekirite nenpòt nan etidyan oswa lòt moun yo, oswa ki kapab ekspozè etidyan sa a oswa lòt moun anba estrès mantal ekstrèm, sa enkli anpeche moun nan dòmi oswa repoze l oubyen izole l pou lontan.

- Konsantman pa yon defans! Yon moun ki akize paske l vyole règleman sa a pa kapab deklare ke moun ki viktim nan fèt ble a te bay konsantman l pou yo fè l sa.
- Obligasyon pou Rapòte Bizutaj: Si ou konnen yon lòt moun te viktim bizutaj epi ou te prezan lè bizutaj la te fèt, ou oblije rapòte krim nan bay lapolis le pli vit ke posib. Ou ka fè rapò tou bay yon administratè Match. Match pap tolere reprezay kont okenn elèv oswa manm pèsonèl ki fè yon rapò bizutaj de bon lafwa.
- Kondisyon pou Klèb, Ekip oswa Lòt Òganizasyon yo: Nan kòmansman ane eskolè a, chak gwoup etidyan, ekip oswa òganizasyon yo distribiye yon kopi de règleman sa a ak Lwa Masachisèt kont Fèt Ble (the Massachusetts Anti-Hazing Law) a chak manm li yo, angajman oswa aplikan pou afilyasyon. Ofisye ki deziye pou chak gwoup sa yo, ekip oswa òganizasyon dwe remèt yon rapò ba Direktè oswa Direktè Egzekitif la (oswa reprezantan) yon avi de resepsyon ki konfime konfòmite a pou pita 30 Septanm chak ane.
- Penalite: Patisipan ak òganizatè ke yo deklare koupab de blanchiman etidyan anba lwa Masachisèt la kapab pini pa yon amann jiska \$3,000 oswa pa yon anprizònman jiska yon ane, oswa toulede. Si w pa rapòte krim fèt ble a ou kapab resevwa yon pinisyon pou w peye yon amann jiska \$1,000. An plis de sa, nenpòt moun ki te vyole règleman sa a kapab sibi desizyon disiplinè, sa gen ladan l sispanasyon oswa ekspilsyon.
- Yon gwoup etidyan, ekip oswa òganizasyon ki pa t respekte obligasyon yo anba règleman sa a kapab elimine, entèdi nan lakou Match epi entèdi yo itilize enstalasyon Match yo.
- Kesyon: Si w gen kesyon sou règleman sa a oswa si w te viktim de fèt ble, tanpri kontakte Direktè w oswa Direktè Egzekitif ou a.

Atachman A**Politik Kominotè Masachisèt: Lwa Kont Blanchiman Etidyan**Chapit 269: Seksyon 17. Fèt Ble; òganizasyon oswa patisipasyon; Fèt Ble defini;

“Nenpòt moun ki se yon òganizatè prensipal oswa patisipan nan krim Fèt Ble a, jan sa defini nan dokiman sa a, li dwe pini pa yon amann ki pa dwe plis ke twa mil dola oswa pa anpwizònman nan yon kay koreksyonèl ki pa dwe depase yon ane, oswa toulede ni amann lan ni anprizònman.

Ekspresyon “hazing” (fèt ble) jan l itilize nan seksyon sa a e nan dizuityèm e diznevyèm seksyon yo, dwe siyifi nenpòt konduit oswa metòd inisyasyon (admisyon) nan nenpòt òganizasyon pou etidyan, keseswa sou pwopriyete piblik oswa prive, ki mete an danje entansyonèlman oswa pa neglijan sante fizik oswa mantal nenpòt etidyan oswa lòt moun. Jan de konduit sa dwe gen ladan l fwete, bat, make, egzèsis fòse, rete anba solèy oswa nan fred, fè fòse manje nenpòt manje oswa bwè alkòl, bwason, pran dwòg oswa lòt sibstans, oubyen nenpòt lòt tretman brital oswa reyalize aktivite fizik fòse ki kapab afekte gravman sante fizik oswa sekirite nenpòt nan etidyan oswa lòt moun yo, oswa ki kapab ekspozè etidyan sa a oswa lòt moun anba estrès mantal ekstrèm, sa enkli anpeche moun nan dòmi oswa repose l oubyen izole l pou lontan.

Men malgre nenpòt lòt dispozisyon de seksyon sa a nan sans kontrè a, yo pa dwe itilize konsantman kòm yon defans pou nenpòt pouswit jidisyè anba seksyon sa a.

Chapit 269: Seksyon 18. Rate bay rapòte fèt ble a

Nenpòt moun ki konnen ke yon lòt moun se viktim fèt ble jan sa defini nan disetyèm seksyon an e li nan sèn jan de krim sa ta dwe, nan pwèn ke moun sa kapab fè l konsa san danje oswa mete vi l oswa vi lòt moun yo an danje, rapòte krim sa ba yon responsab ki la pouf è aplike lalwa ofisyèl rezonableman osito ke posib. Nenpòt moun ki rate rapòte jan de krim sa a ta dwe pini pa yon amann ki pa depase mil dola ameriken.

Chapit 269: Seksyon 19. Kopi Seksyon 17 a 19; delivrezon rapò a etidyan e gwoup etidyan yo, ekip e òganizasyon yo;

Chak sitiyasyon de edikasyon segondè e de chak enstitisyon piblik oswa prive aprè edikasyon segondè ta dwe delivre a chak gwoup, ekip etidyan oswa òganizasyon etidyan ki patisipe nan enstitisyon sa yo oswa rekonèt pa enstitisyon an oubyen enstitisyon an pèmèt itilizasyon non l oswa enstalasyon yo oswa enstitisyon an rekonèt egzistans li tankou yon gwoup etidyan ki pa afilye, ekip etidyan oswa òganizasyon, yon kopi seksyon sa a e disetyèm ak dizuityèm seksyon yo; founi, sepandan, ke yon reyalizasyon de enstitisyon avèk kondisyon seksyon sa a ke yon enstitisyon delivre kopi de seksyon sa a ak disetyèm e dizuityèm seksyon yo bay gwoup etidyan ki pa afilye yo, ekip oswa òganizasyon yo pa ta dwe konstitiye evidans rekonesans enstitisyon oswa apwobasyon gwoup etidyan yo di ki pa afilye yo, ekip oswa òganizasyon yo.

Chak gwoup sa yo, ekip oswa òganizasyon yo dwe distribye yon kopi de seksyon sa a e disetyèm ak dizuityèm seksyon yo bay chak manm li yo, mas popilè, pwomès oswa aplikan pou adezyon. Li dwe konstitiye devwa chak gwoup, ekip oswa òganizasyon sa yo, aji pa mwayen ofisyè l yo li deziye, pou delivre anyèlman, ba enstitisyon an yon konfirmasyon sètifye ki declare ke jan de gwoup sa, ekip oswa òganizasyon yo te resevwa yon kopi de seksyon sa a epi yo di disetyèm ak dizuityèm seksyon yo, ke chak manm li yo, mas popilè, pwomès, oswa aplikan yo te resevwa yon kopi de disetyèm e dizuityèm seksyon yo, e ke gwoup sa, ekip oswa òganizasyon yo konprann epi dakò akonpli (respekte) avèk dispozisyon seksyon sa yo ak disetyèm e dizuityèm seksyon yo.

Chak enstitisyon edikasyon segondè e chak enstitisyon piblik oswa prive de edikasyon aprè lekòl segondè dwe, omwen chak ane, avan oswa pandan enskripsyon an, delivre bay chak moun ki enskri tankou yon etidyan a plen tan nan enstitisyon sa yon kopi de seksyon sa a e disetyèm ak dizuityèm seksyon yo.

Chak enstitisyon edikasyon segondè e chak enstitisyon piblik oswa prive de edikasyon aprè lekòl segondè dwe ranpli, omwen chak ane, yon rapò avèk konsèy edikasyon siperyè a e nan ka enstitisyon edikasyon segondè yo,

konsèy edikatif la, ap sètifye ke enstitisyon sa te konpli ak responsablite l nan enfòm gwoup etidyan yo, ekip oswa òganizasyon yo epi notifye chak etidyan ki enskri a plen tan pa li nan dispozisyon seksyon sa a e disetyèm ak dizuityèm seksyon yo epi sètifye tou enstitisyon ki di li te adopte yon mezi disiplinè kont òganizatè e patisipan nan fèt ble a, e ke jan de règleman sa te ekspoze avèk aksantiyasyon apwopriye nan manyèl etidyan an oswa mwayen kominikasyon simile règleman enstitisyon an a etidyan l yo. Konsèy edikasyon siperyè a e, nan ka enstitisyon segondè yo, konsèy edikatif la dwe pwomilge règlemantasyon k ap dirije kontni an ak frekans rapò sa yo, epi li dwe rapòte imedyatman ba komisè gouvènman an nenpòt nan enstitisyon sa yo ki pa fè rapò sa.”

match
EDUCATION

Match Charter
Public School